

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Tujuan umum nu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nyaéta hayang ngadéskripsikeun kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak di TK Hajjah Multazam. Pikeun ngahontal jeung mikanyaho hal di luhur, dilakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun métodeu déskriptif, sarta téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun wawancara sacara teu struktur anu diujikeun kagenep budak TK, tilu awéwé jeung tilu lalaki.

Sabada ngolah data jeung nganalisis dina bab IV, ngeunaan kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak di TK Hajjah Multazam. Hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sarta ngahasilkeun saran-saran pikeun ngaronjatkeun kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak di TK Hajjah Multazam.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dinan bab IV, temuan atawa hasil ieu panalungtikan dicindekkeun saperti ieu di handap:

- a) Anu kapanggih dina rumpaka 6 kaulinan barudak aya 61 kecap, jeung basa anu dipaké ku budak TK can sampurna. Basa Sunda masih keneh dicampur ku basa Indonésia
- b) Dina gundukan kecap anu panglobana dicangkem ku budak nyaéta kecap wilangan utama (100%), anu panglobana kadua nyaéta istilah pancak aki (80%), kecap anu panglobana katilu nyaéta kecap pagawéan utama (79,54%), kecap anu panglobana kaopat nyaéta istilah kaayaan atawa sifat utama (77,08%), kecap nu panglobana kalima nyaéta kecap barang *universal* (59,72%), jeung gundukan kecap anu pangsaeutikna nyaéta ngaran babagian awak (50%).
- c) Kamampuh ngawasa kandaga kecap budak TK aya dina katégori kurang pisan, tina 61 kecap anu diujikeun ka budak TK. budak TK 1 Janeeta mampuh ngawasa basa Sunda 20 kecap (32,78%) aya dina tingkatan kurang. Budak TK 2 Khansa mampuh ngawasa basa Sunda 14 kecap

(22,95%) aya dina tingkatan kurang pisan. Budak TK 3 Raisa mampu ngawasa basa Sunda 13 kecap (21,31%) aya dina tingkatan kurang pisan. Budak TK 4 Adli mampu ngawasa basa Sunda 14 kecap (22,95%) aya dina tingkatan kurang pisan. Budak TK 5 Hafiz mampu ngawasa basa Sunda 15 kecap (24,59%) aya dina tingkatan kurang pisan. Budak TK 6 Rizaldi mampu ngawasa basa Sunda 7 kecap (11,47%) aya dina tingkatan goréng.

- d) Salian tina kacindekkan di luhur, ieu panalungtikan manggihan sababaraha kasus nyaéta (1) budak teu apal kana kaulinan barudak, (2) budak leuwih mikaharti naon nu diucapkeun ku basa Indonésia tibatan maké basa Sunda, (3) budak TK can maham kana kecap panganteur pagawéan, (4) dina ngucapkeun istilah budak TK aya nu ngaleungitkeun foném, (5) jeung budak make dua basa (campur kodeu) keur ngagambarkeun hiji kecap dasar.

5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan némbongkeun yén kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap masih keneh aya dina tingkatan kurang pisan.

Hasil tina ieu panalungtikan méré sawatara implikasi, di antarana:

- a) Budak, sangkan dibiasakeun maké basa Sunda dina kahirupan sapopoéna boh di imah boh di sakola, utamana dina kaulinan barudak. Budak kudu tuluy diasah kamampuh basana sangkan sistem linguistikna sampurna.
- b) Guru, sangkan guru kudu bisa mere motivasi ka budak yén basa Sunda téh kudu dipaké sangkan budak boga rasa resep ngagunakeun basa Sunda ngaliwatan kaulinan barudak.
- c) Panitén atikan, yén kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak di éta sakola masih kénéh kurang pisan. Hartina, kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak téh kudu dironjatkeun.

5.3 Rékomendasi

Nilik kana hasil panalungtikan, aya sawatara hal nu perlu diperhatikeun, di antarana nyaéta saperti ieu di handap:

- a) Dina ieu panalungtikan kakara medar kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak, sangkan hasilna maksimal, perlu diayakeun deui panalungtikan anu medar kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak. Naha aya bédana henteu, hasilna bisa dipaluruh nu jadi faktor kurangna budak TK téh naha tina faktor étnis, kabiasaan, atawa faktor IQ.
- b) Puseur ulikan data ieu panalungtikan nyaéta kandaga kecap dasar nu ngawengku genep gundukan kecap, (1) istilah pancakaki, (2) babagian awak, (3) kecap pagawéan utama, (4) kecap wilangan utama, (5) kecap sifat atawa kaayaan, jeung (6) barang *universal*. Pikeun ngeuyeuban deui élmu ngeunaan kandaga kecap budak, kudu aya panalungtikan anu leuwih jero deui.
- c) Ieu panalungtikan kakara medar ngeunaan kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kaulinan barudak. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjénna nu mauruh kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap ngaliwatan media nu séjén. Saperti kamampuh budak TK ngawasa kandaga kecap dina kakawihan anu rumpakana diropéa deui ku panalungtik, sangkan kekecapanna luyu jeung umur budak.